

Pa pèdi l, renouvle l

Kijan pou renouvle kouvèti MassHealth ou



Li enpòtan pou toujou gen kouvèti medikal, pou randevou swen sante, preskripsyon, ak rezilta laboratwa w yo ka toujou kouvri lè w gen bezwen yo. Chak ane, benefisyè MassHealth yo dwe renouvle asirans yo pou kenbe kouvèti gratis yo.

3 etap pou kenbe kouvèti w


1 Mete enfòmasyon kontak ou yo ajou

Pataje enfòmasyon kontak ou ak plan sante w lan ansanm ak MassHealth nan mass.gov/masshealthrenew pou ou pa rate enfòmasyon sou renouvèlman yo.

2 Renouvle kouvèti w lan a tan

Chwazi jan w vle renouvle l, epi fè l avan delè an.

- Anliy nan MAhealthconnector.org
- Pa telefòn nan **800-841-2900** (TTY: 800-497-4648) ak yon reprezantan MassHealth
- Sou papye lè w itilize fòmilè ki nan imèl MassHealth lan
- An pèsan ak yon konseye enskripsyon nan MAhealthconnector.org nan "Sant Èd"



Chèche pati sa nan kourye w ak dat limit lan.

3 Rasanble papye w

Vizite wellsense.org oswa eskane kòd QR pou yon lis dokiman ou ka bezwen pou renouvèlman.



Kesyon sou elijiblite?

Kontakte sèvis Kliyantèl Mass Health
800-841-2900
(TTY: 800-497-4648)

 **WellSense**
HEALTH PLAN
formerly BMC HealthNet Plan